

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Populasi jeung Sampel (Sumber data)**

##### **3.1.1 Populasi**

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung.

##### **3.1.2 Sampel**

Sampel nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII.C SMP Pasundan 4 Bandung nu jumlahna 39 siswa.

#### **3.2 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.2.1 Méthode Panalungtikan**


Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun méthode *déskriptif korélasional*. Ieu méthode digunakeun pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan aya henteuna hubungan antara minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap.

Variabel dina ieu panalungtikan aya dua variabel, nya éta variabel bebas jeung variabel kauger:

- 1) Variabel bebas (X) nya éta minat maca téks basa sunda siswa kelas VII.C SMP Pasundan 4 Bandung.

- 2) Variabel kauger (Y) nya éta kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII.C SMP Pasundan 4 Bandung.

Désain panalungtikan bisa diténan dina bagan ieu di handap:



Kat:

X : Minat maca téks basa Sunda

Y : Kamampuh ngagunakeun kandaga kecap

r : Hubungan antara minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap

### 3.2.2 Téhnik Panalungtikan

#### 3.2.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta angkét jeung tés. Angkét digunakeun pikeun ngumpulkeun data minat maca téks basa Sunda, sedengkeun tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh ngagunakeun kandaga kecap.

#### 3.2.2.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik data inférensial, nyoko kana pamadegan Ali (1987: 178) yén téhnik ngolah data inférensial nya éta statistika nu mibanda fungsi pikeun nyieun kacindekan ngeunaan populasi panalungtikan sampel.

Léngkah-lengkah ngolah data skala minat maca jeung tés kamampuh ngagunakeun kandaga kecap nya éta ieu di handap:

a) Nangtukeun skor maksimal ideal

Skor maksimal ideal nya éta skor nu bakal kahontal saupama sakabéh soal bisa dijawab kalawan bener. Unggal pertanyaan aya dua alternatif jawaban "enya" jeung "henteu", di béré skor 1 pikeun jawaban "enya" jeung nilai 0 pikeun jawaban "henteu" dina pertanyaan positif, sedengkeun pikeun pertanyaan negatif, jawaban "henteu" dibéré skor 1, sarta jawaban "enya" dibéré skor 0.

- Ngitung jumlah skor idéal skala minat maca nya éta maké rumus:

$$K = \frac{f}{n} \times 100\%$$

Ket :K = skor dalam persen

f = jumlah jawaban bener ti siswa

n = jumlah responden

100% = bilangan tetap (Nurgiantoro, 2001)

- Ngitung jumlah skor idéal tés kamampuh ngagunakeun kandaga kecap maké

rumus:  $Peunteun = \frac{Skor\ Tercapai}{Skor\ Ideal} \times 100$

b) Ngitung skor sakabéh siswa

c) Ngitung rata-rata mean ideal (MI) skala minat maca jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap.

Rumusna:  $MI = \frac{1}{2} \times MI$

MI skala minat maca nya éta  $\frac{1}{2} \times 80 = 40$

MI téh kamampuh kandaga kecap nya éta  $\frac{1}{2} \times 40 = 20$

d) Ngitung standar deviasi ideal (SDI)

Rumusna:  $SDI = \frac{1}{3} \times MI$

SDI skala minat maca =  $\frac{1}{3} \times 40 = 13,34$

SDI téh kamampuh kandaga kecap =  $\frac{1}{3} \times 20 = 6,67$

Nangtukeun wates acuan lulus ngagunakeun rumus penilaian acuan patokan (PAP) maké 6 jeung 5 nya éta:

**Tabel 3.1**

**Kriteria Acuan Minat Maca Téks Basa Sunda**

<b>Skala</b>	<b>Tapsiran</b>
90%-100%	Luhur pisan
80%-89%	Luhur
70%-79%	Cukup
60%-69%	Sedeng
50%-59%	Handap
...-49%	Handap pisan

(Ucu Wahyu, 1995:96)

**Tabel 3.2**

**Kriteria Acuan Kamampuh Ngagunakeun Kandaga Kecap**

<b>Angka 100</b>	<b>Tapsiran</b>
80-100	Luhur Pisan
65-79	Luhur
56-64	Cukup
40-55	Handap
30-39	Handap Pisan

(Arikunto, 2007:245)

**3.3 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén pikeun ngumpulkeun data nya éta angkét ngeunaan minat maca jeung tés ngeunaan kandaga kecap.

**a) Angkét Minat Maca Téks Basa Sunda**

Angkét digunakeun pikeun meunangkeun data atawa informasi ngeunaan minat maca siswa kelas VII.C SMP Pasundan 4 Bandung. Kisi-kisi ngeunaan angkét minat macana saperti ieu di handap:

**Tabel 3.3**

**Kisi-Kisi Angkét Minat Maca**

<b>Aspek Minat Maca</b>	<b>Nomor Soal</b>	<b>Jumlah</b>
a. Waktu pikeun maca	1	1
b. Tujuan maca	2,4	2
c. Alesan maca	3,5,12,14	4
d. Frekuensi maca	6,7,11,13	4
e. Mimiti maca	8	1
f. Usaha nepikeun eusi ka babaturan	9	1
g. Tempat maca	10	1
h. Usaha ngabogaan buku	15	1
<b>TOTAL SOAL</b>		<b>15</b>

**b) Tés Kamampuh Ngagunakeun Kandaga Kecap**

Langkah-langkah nyieun instrumén kamampuh ngagunakeun kandaga kecap, diantarana:

- 1) Nyieun kisi – kisi nu ngamuat indikator kandaga kecap
- 2) Ngamekarkeun pertanyaan dumasar kisi-kisi

Tés ieu sangkan mikanyaho kamampuh siswa dina ngagunakeun kandaga kecap basa Sunda. dihandap aya tabel ngeunaan kisi-kisi kamampuh ngagunakeun kandaga kecap.

**Tabel 3.4**  
**KISI-KISI INSTRUMÉN KAMAMPUH KANDAGA KECAP**

NO	TEMA	INDIKATOR SOAL	NOMOR SOAL	JUMLAH
1.	Harti Kecap	-Kecap husus -Kecap umum	1,2,3,4,5	5
2.	Gaya Basa	- Simile - Ocon - Lalandian	6,7,8,9,10	5
3.	Istilah	Istilah Kasehatan	11,12,13,14,15	5
4.	Tatakrama Basa	Basa Lemes	16,17,18,19,20	5
<b>JUMLAH SOAL</b>				20

### 3.4 Validitas Instrumén Panalungtikan

#### a. Uji Validitas

Pengujian validitas instrumén dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun variabel skor ganjil jeung varibel skor genap ngagunakeun rumus *product moment angka kasar*, nyaéta:

$$r_{x \text{ 榣榣}} = \frac{n \cdot \sum xy - (\sum x)(\sum y)}{\sqrt{\{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2\}\{n \cdot \sum y^2 - (\sum y)^2\}}}$$

Keterangan:

$r_{xy}$  = koefisien hubungan antara variabel X jeung variabel Y, dua variabel nu dikorelasikeun.

$x$  = skor ganjil

$y$  = skor genap

$n$  = jumlah responden

(Arikunto, 2002:146 )

Pedoman pikeun nangtukeun tingkat validitas, nya éta:

**Tabel 3.4**  
**Tingkat Validitas**

R	Tafsiran koefisien
0,00-0,02	Teu aya korélasi (alat tés teu valid)
0,21-0,40	Korélasi handap (validitas handap)
0,41-0,60	Korélasi sedeng (validitas sedeng)
0,61-0,80	Korélasi luhur (validitas luhur)
0,81-1,00	Korélasi sampurna (validitas sampurna)

**a. Uji Réliabilitas**

Réliabilitas soal anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta réliabilitas antara dua kelompok soal, dimana soal éta dikelompokkeun kana dua gundukan, nya éta, kelompok *genap* jeung *ganjil*. Jumlah tina skor-skor dikorelasikeun nepi ka panggih harga koefisién ( $r$ ), pikeun réliabilitas digunakeun rumus korélasi saperti kieu:



$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum x^2)(\sum y^2)}}$$

Keterangan :

$r_{xy}$  = koefisien hubungan antara variabel siswa no ganjil (x) jeung variabel siswa no genap (y), dua variabel nu dihubungkeun ( $x = X - \bar{X}$  jeung  $y = Y - \bar{Y}$ )

$\sum xy$  = jumlah perkalian x jeung y

$x^2$  = kuadrat tina x

$y^2$  = kuadrat tina y

Saméméh éta rumus digunakeun, leuwih tiheula dipaluruh angka-angkana. Ari carana, nya éta ku ngitung peunteun unggal siswa tina soal nomor ganjil jeung soal nomor genap.

Sanggeus itungan ngagunakeun rumus korélasi *Product Moment* ku angka kasar, harga karék nunjukkeun réliabilitas saparo tésna. Rxy pikeun ieu beulahan disebut ku istilah  $r^{1/2} / 1/2$  atawa r ganjil-genap (rgg). Pikeun néangan réliabilitas tés digunakeun rumus spearman-Brown :

$$r_{11} = \frac{2r^{1/2/2}}{(1+r^{1/2/2})}$$

Kat:  $r^{1/2/2}$  = korélasi antara skor-skor setiap belahan tés.

$r_{11}$  = koefisien réliabilitas nu geus disesuaikan

### 3.5 Hipotésis Panalungtikan

Hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta ”Aya korelasi anu signifikan tur positif antara minat maca téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap siswa kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung”

$$H_0 = r^2_{itung} \leq r^2_{tabel}$$

$$H_1 = r^2_{itung} \geq r^2_{tabel}$$

### 3.6 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan ayana salah tapsir ti nu maca, ku kituna judul ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap:

- 1) Hubungan nya éta antara varibel minat maca (x) jeung variabel kandaga kecap (y).
- 2) Minat nya éta hiji kasadiaan individu pikeun mikaresep jeung ngaluangkeun waktuna pikeun kagiatan, salasahijina dina kagiatan maca. Aya opat papasingan minat nya éta: 1) *Expressed Interest* (minat nu dipikaresep), 2) *Manifest Interest* (minat anu dimanifestasikeun), 3) *Tested Interest* (minat nu diukur), 4) *Inventory Interest* (minat nu diinventarisir).
- 3) Kamampuh ngagunakeun kandaga kecap nya éta poténsi pikeun ngawasa hiji kaparigelan nu mangrupa hasil tina latihan, jeung digunakeun pikeun menangkeun jumlah sakabeh kecap dina hiji basa. Dina ieu kandaga kecap téh

aya sababaraha rupa diantarana: 1) kecap umum 2) kecap husus 3) tatakrama basa 4) gaya basa 5) istilah jrrd.

Jadi maksud tina judul “*Hubungan antara Minat Maca Téks Basa Sunda jeung Kamampuh Ngagunakeun Kandaga Kecap Siswa Kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajar 2011-2012*”. nya éta tarékah kalawan mikaresep maca kana téks basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeun dina kandaga kecap basa Sunda.

### **3.7 Léngkah-léngkah Kagiatan Panalungtikan**

#### **3.7.1 Tahap Tatahar**

Dina tatahar, aya sababaraha kagiatan anu kudu dipigawé, nya éta:

- 1) Ngalaksanakeun ulikan pustaka;
- 2) Ngajukeun judul jeung rarancang panalungtikan;
- 3) Ngayakeun konsultasi jeung sawatara dosén;
- 4) Ngajukeun proposal ka déwan skripsi;
- 5) Konsultasi ka dosen pangaping;
- 6) Ngurus surat ijin panalungtikan;
- 7) Nyusun instrumén panalungtikan;

### 3.7.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data dilakukeun ku cara:

- 1) Konsultasi ka kapala sakola SMP, anu rék dijadikeun tempat panalungtikan, sarta ngajéntrékeun ngeunaan tujuan panalungtikan jeung jumlah siswa anu baris dijadikeun sumber data.
- 2) Ngabagikeun angket jeung tés ka siswa, sarta ngajelaskeun cara-cara ngeusianna.
- 3) Ngumpulkeun data, dilakukeun dina waktu nu sarua.
- 4) Sanggeus sakabéh data ngumpul, diayakeun *pengecekan* pikeun mikanyaho bisi aya nu tinggaleun.
- 5) Ngayakeun konsultasi jeung dosen pangaping.

### 3.7.3 Tahap Ngolah Data

Tahap ngolah data, langkah garapan anu dipigawé nya éta:

- 1) Sanggeus data dikumpulkeun, diayakeun pamariksaan data pikeun misahkeun data anu bisa digunakeun;
- 2) Nyatetkeun data dina daptar data, anu satuluyna diayakeun klasifikasi atawa rékapitulasi.
- 3) Nganalisis data pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan jumlah siswa anu ngabogaan minat maca jeung kamampuh ngagunakeun kandaga kecap.
- 4) Ngadeskripsikeun data hasil panalungtikan.
- 5) Nyieun kacindekan hasil panalungtikan.
- 6) Ngayakeun konsultasi jeung dosen.

### 3.7.4 Nyusun Laporan Hasil Panalungtikan

Sakabeh data jeung hasil kacindekan ahir tina ieu panalungtikan satuluyna disusun kalawan nyoko kana aturan-aturan anu aya dina buku *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah*, UPI 2011. Hasil ahir tina ieu garapan nyusun ieu panalungtikan téh ngawujud dina wangun skripsi.

